

# Kan 4 Benefisyè Concern

## Transkripsyon Fokis Gwoup Kan # 4

Dat transkripsyon: Dimanch 14 – Lendi 22 fevriye 2016

### Lis Patisipan

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern:

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern:

#3 Senat Yolene, Fi, 44 ane, 2 timoun, enfimye, Sekonde, Concern:

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern:

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern:

#8 Manita Jena,Fi, 57 ane, 3 timoun, anyen, oken, Concern:

#9 Jean Sheilla, Fi, 37 ane, 2 timoun, komes, sekonde, Concern:

### Entwodiksyon

*Bonswa, koman nou ye? Nou envite nou la jodi a nan kad yon travay anket nou ap a fe pou Concern ki se youn nan organizasyon ki t'ap ede moun soti nan kan apre 12 Janvye a. Nou ap fe anket sa avek nou kom benefisyè pou nou ka rapote bay responsab yo pou yo ka we nan ki nivo sa yo te fe a te bon ak ki kote yo te fe ere pou yo ka ameliyore sa. Nou konnen deja ke pwogram nan fini, donk nou pa la pou nou bay ed. Men nou la pou nou tandé tout sa ou gen pou'w di konsenan pwogram sa ke ou te fe pati an. (Wi) Nou konnen ke gen anpil kob ki te disponib pou pwogram nan te ale pi lwen men ki fe fon. Helas! Nou pa ka tounen nan pase pou nou korije sa men nou ka ede yo pou sa pa rive anko. Non pa mwen se Tim mwen se yon Antropolog ameriken ki gen pase 20 an nan peyi a. Mwen gen avek mwen Almathe avek Egain ki se manb ekip mwen ki avan lontan. Tout sa nou pra'l di la enpotan e yo tout bon donk pa ezite pale. Tout sa k'ap di yo anrejistre men pa gen moun ki ap konnen kiyes ki di yo. (Wi)*

**Tout moun ki la nou jwenn kob pou enfemye kay, pavre?**

Piblik: *Wi.Wi.Wi*

### **Gen moun ki jwenn lot bagay?**

Piblik: *Non. Non*

### **Nou jwenn fomasyon?**

Piblik: *Wi. Anpil fomasyon.*

**M'ap fe nou konnen ke nou chak gen yon nimewo ki pou idantifye nou avan nou komanse pale di nimewo a silvouple. Mwen we dam, sa m'panse se avek dam sa li vini. Siman li se youn nan benefisy yo.** (plizye moun di non) **Ou te nan kan madam?**

Patisipant fi yon invite: *Bon m'te nan kan men a lepok le Konsern te vini an m'pat la m'tal andeyo yo pat jwenn moun ki pou te reprezante pou mwen. M'vin soti nan lari, tankou nil.*

### **Eske gen nan nou la ki te nan menm kan, nou youn konn lot?**

Piblik: *Non. Nou pa rekonet lot men dam sa mkonn we'l Konsern., M'konn we'w Konsern tou wi. M'te konn we'w nan Concern.*

### **Donk pa gen nan nou ki sot nan menm kan?**

Piblik: *Wi. Non. M'sot nan kan Sapotiy.*

### **E ou menm nan ki kan ou soti?**

Patisipant pa idantifye: *Mwen m'soti nan kan dekayet. Menm kan avek madanm sa.*

### **E ou menm?**

Patisipant pa idantidye: *Am....., Am....( Patisipant pa pale fo, pawol pa soti kle.)*

## **Avan nou te nan pwogram nan nou te gen kay pa nou, oubyen nou te anfeme?**

Piblik: Non. Non. Nou pat gen kay pa nou nou te nan anfeme kay.

## **Sa vle di pa gen moun la ki te pedi kay nan tranbleman?**

Patisipant pa idantifye: Non . Plasman an se pou met kay la li ye ou menm se lage ko'w

## **Koman?**

Patisipant lan kontinye: Depi'w anfeme on kay, kay kraze plasman pa pou ou. Plasman an pa pou ou se pou met kay la li ye. Si se te kay ou kay la te ye plasman an tap pou ou.

## **Tout moun ki la yo kay yo te kraze?**

Piblik: Wi.Nan fem mwen te ye. Wi, nan fem mwen te ye le kay la vin kraze m'pa gen nan menm m'al nan abri.

## **Nou tout fe 4 a 5 an nan kan?**

Piblik: Wi

Patisipant di: Wi. 5 an paske m'tal nan kan an m'te fe 3 mwa nan...#8 kounya la menm mesye a antre vin mande lakou a paske yo gen lekol VIH ladan kounya yo bezwen ouvri lekol la,yo vin mande'l. Kounya menm...t vin al kote...te ye a,youn se on pil fatra yo te met ladan n'ale nou netwayel nou abite ladan li te gen 47 fanmi ladan.

## **Kisa nou te konn fe pou nou viv avan tranbleman de te a?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: Ee apre tranbleman te a m'te,m'tap.....

## **Avan tranbleman de te a?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: Avan tranbleman de te a m'te nan fritay.

## **Ou nan kay avek mari ou?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Wi*

## **Li pap travay?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Wi se boss fewonri li ye.*

## **Sa ki te koz ou al viv nan kan?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Paske nan kay m'te anfeme a li te kraze. M'te oblige kite'l m'al nan kan epi pandan'm vin jwenn avek Konsern ki te vin pote'm sekou ki te ban'm kob manfeme on kay. Pandan yo vin banm denye tranch kob lan tou m'jwenn on ti kote pandan m'ap fe ti komes la m'achte on ti anplasman. Mwen fek bare'l se ladan mwen ye kounya. Se gras avek kob Konsern te ban mwen an, m'fe'l travay. Mte komanse fe fritay lan pandan'm te nan kan an, pandan'm vin jwenn ti kob la'l vin ogmante. Kounya la, e nimewo 1 k'ap pale la wi, (Ok) kounya la ti kob lan m'fe travay. M'fe sol. Kounya la m'vin jwenn on ti anplasman m'achte'l m'fe bare sou li. Aktyelman la m'ladan men m'monte blok li poko fini. Wi se gras a Konsern ki fe'm rive lwen konsa. Fomasyon'l vin ban mwen m'vin konn koman pou'm jere le'm gen kob nan menm. Paske'l banm fomasyon pou sa. La pwopte a tou m'te gen dwa pat konn koman pou'm te fe la pwopte a Konsern vin fe fomasyon ave'm e fomasyon an plis ke kob la yo te ban nou an. Paske gen anpil bagay nou pat konnen se gras a fomasyon an kounya ki fe nou vin konn koman pou'n jere sa'k nan men nou.*

## **Anplasman sa li tou pre kay lan?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non*

## **Le tranbleman te a kotew te ye?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Le tranbleman te a m'te nan kan bo lari Sapotiy.*

## **Men kote'w te rete le tranbleman te a te pase a?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Anba dekonom nan kay la'l te pran'm wi. Nan menm zon kote'm rete kounya.*

**Ok**

**Kounya ou deplase al achte anplasman yon jan pi lwen?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Nan menm zon nan toujou.*

**Nan menm zon nan?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Wi*

**Bon ou gen chans, sa pat pouse'w ale lwen?!**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non m'pa ale lwen.*

**Moun ki pwovens ou ye?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Moun Jeremy men m'gen pre de 20 tan isit Potoprens.*

**Bon, pou nou konprann byen, avan tranbleman an te pase ou te gentan ap fe fritay?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Wi*

**Epi mari'w tap travay ?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Wi li te konn fe fewonri.*

**Kounya w'al nan kan epi ..**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Ti kob la te onjan fini paske pandan tranbleman de te a m'te anndan kay kote'm te ye a. Nan kizin kote'm te ye a le sa se vyann m'tap met nan dife tranbleman de te a pran'm nan kizin nan. Gen*

*bwa'k te tonbe sou epol mwen la. M'te kouri kite tout sa m'te genyen m'te pran lari a pou mwen kote'n te vin nan abri an.*

### **Ou gen pitit?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Wi m'gen 3.*

### **Ou pat gen ladan yo ki te viktim?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non, sel on neve'm m'pedi.*

### **Li te nan menm kay ave'w oubyen nan yon lot kay?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Bon li pat nan kay ave'm non. Li te nan kay avek on fre'm men se lakay mwen li te toujou vin manje. Li te nan twazyem ane fakilte m'te pedu'l.*

### **Epi le'w vin nan kan an ou rekomanse vann fritay la?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Wi*

### **Epi mari'w te toujou kontinye travay?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non. Ou konnen tout kay te vin kraze kounya la pat gen travay.*

### **Jiska prezan?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non. Kounya li jwenn. Detanzantan li jwenn yon moun dil fe gress pot sa pou li. Kounya bahay yo vin che. Kounya la men'l pa jwenn. Chak tan chak tan li konn fe 2, 3 mwa li pa jwenn men se nan fritay lan m'ap fe a avek eee avek pwodui alimante m'vann tou le'l pa genyen. Epi m'peye lekol timoun yo m'ba yo manje. Gras a Konsern toujou paske ti kob li a toujou nan men'm m'ap bwase'l.*

### **Eske li jwenn plis travay kounya ke avan tranbleman de te a?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non, non.*

### **Ant avan tranbleman ak apre tranbleman kile ou remake mari'w jwenn plis travay?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Li te konn travay plis avan tranbleman de te a.*

#8 Manita Jena,Fi, 57 ane, 3 timoun, anyen, oken, Concern: *Mwen enm se Manita Jean. Mwen enm m'te abite Kafou le tranbleman de te fin pase. Mwen enm, se lavil m'te konn al vann. M'te konn al vann. M'al achte Akaye Kabare. Kounya le tranbleman de te vin pase pa gen kob. Kounya'm nan lari. Kounya m'al nan misyon an.Kounya m'tou soti nan misyon an m'al...Men m'pat menm fe anyen pou'm te ka viv mwen te konn al fe lesiv. Pafwa le m'al lave, rad pou moun m'fe, m'desann mwen pou'm ka viv.*

### **Pandan ou nan kan an?**

#8 Manita Jena,Fi, 57 ane, 3 timoun, anyen, oken, Concern: *Wi. M'fe 5 an nan kan.*

### **Ou fe 5 an nan kan an tou #1?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non, m'pa fe tout tan sa nan kan. Kob yo te ban nou an pou'n ta al anfeme kay la li retire'm nan kan an.*

### **Ou fe 4an selman?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Wi. Wi.*

### **Ok. Nan tout 4 an sa ou pat janm ka jwenn ase kob pou'w soti nan kan an?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non.*

### **Ou di ou te konn fe lesiv nimewo 8?**

(Yon machann ap di krem mayi pandan li ap pase.)

#8 Manita Jena,Fi, 57 ane, 3 timoun, anyen, oken, Concern: *Ti kob sa pate ka fe komes ete sel pou'm manje ee ak timoun yo. Kounya la menm le Konsern vi'n leve nou*

*Konsern te peye kay la pou mwen. Apresa res monnen an li ban mwen'l m'te dwe m'peye avel. Apre li vin banm on dezyem tranch kob, toujou. M'pranl m'degaje'm. Se ave'l m'ap degaje'm jis kounya. Paske depi yo ba ou'l pou le a pou'w ka konn pou'w jere'l bien pou le fem kay la bout pou'w ka fe menm jan yo te fe a paske epa toutan w'ap jwenn yo.*

### **Sa vle di Concern se pa yon sel fwa li bay kob ? Konbyen moun ki jwenn kob plizye fwa la?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Lontan yo te peye kay la avan 4000 dola. Yo te ba ou on 1300 dola paske gen moun ki pat gen anyen pou met nan kay la yo di'w defann ou avel. Si w'ap achte ti gress bagay met nan kay la. Apre yo vin ba nou 2000 dola pou nou te fe komes* (Yon chyen ap jape nan yon distans ki pa two deranje.) *Ok ? Apre anko paske jan bagay la pase a ekonsa pou'n eksplike'l. Apre anko yo te vin bay 700 dola.*

#8 Manita Jena,Fi, 57 ane, 3 timoun, anyen, oken, Concern: *Ebyen esa m'di la wi mwen menm*

### **Tout moun la jwen menm bagay?**

Piblik: *Wi. Wi.Wi.*

### **Eske yo yo toujou vin voye je we si nou fe komes?**

*Piblik: Oooo ! Wi toujou vini. Toujou vin gade*

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Mwen menm ajan 'm nan te rele Patrick, li te toujou vin verifye. Le fin menm le nou nan kay la yo toujou vin fe fomasyon ave'w anndan kay la.*

### **Eske gen moun ki vin verifye si gen moun ki di yo ap fe komes yo pa fe?**

*Piblik: Non. Yo vini. Yo vini.*

### **Men eske gen moun ki konn pran kob pou komes men ki pa fe komes?**

*Piblik: Nou pa ka konnen. M'pa konnen. Yo tap kenbe yo. Yyo ba'w sipriz.*

Piblik: *Le yo vini yo pa di'w. Non. Se anneke yo rele'w yo di'w m'ap vin lakay ou, men'm tel kote m'ap tann ou.*

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Men yo te gentan pre lakay ou le yo di'w y'ap vini an.*

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Pandan yo gentan lakay ou yo di'w y'ap vini menm pandan'w voye je'w konsa ou gentan we yo.*

### **Nou pa konn ankenn moun ki pran kob komes ki pa fe yo konbe?**

Piblik: *Non. Non, m'pa ka konnen. Sa ret pesonel ave yo.*

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Paske jan yo fet la ou pa ka pa fe'l. Paske pandan telefon ou sonnen bleng: "Madam Katya m'ap vin lakay ou. Lew voye zyew ou gentan we machin nan".* (Yo gentan devan ap tann ou).

### **Donk nou pa konn okenn moun ki di yo ap fel yo pa fe pi yo kenbe yo?**

Piblik: *Non !*

### **Konbyen tan yo fe ap vin vizite nou?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Yo ban nou plizye visit*

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Yo ban nou plizye vizit*

Patisipan pa idantifye: *Eee m'kontwole m'kwe yo te ban'm 5 vizit.*

(Kout silans)

### **Sou konbyen tan 5 visit sa sou 1 an?**

(Tout patisipan yo ap reponn an menm tan)

Patisipan pa idantifye: *Yo bann plis. Alò m'ap pale'w le yo fin ba'w kob komes la* (Pou yo ka kontwole nou) *apre kob komes la. Men avan yo poko ba'w kob komes la yo toujou* (Plizye moun ap aple an menm tan kouvri vwa patisipant lan.)

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Le yo te vin anfeme kay la yo ban nou 2 vizit, le'n te fin anfeme kay lan. Avan yo te ban nou dezyem tranch kob lan pou yo we si'w nan kay lan vre. (vreman) Wi.*

Ou peye kay lan nomalman nimewo 8? ou gentan double?

#8 Manita Jena, Fi, 57 ane, 3 timoun, anyen, oken, Concern: *Non fem nan ap bout eee, fem nan ap bout 15 Avril* .

## Eske w'ap double?

#8 Manita Jena, Fi, 57 ane, 3 timoun, anyen, oken, Concern: *M'ap double'l wi sa nan men le syel*

Piblik: Riiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiii

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Mwen menm mwen te abite ri d'Anterman. Tan m'te nan eee m'ale vann m'pat la non le 12 janvier. M'te deyo se le m'vini m'jwenn kay kraze. Menm kote a m'te gen manman'm ki te rete Dekayet m'tou monte. Manman'm tou kay li te kraze tou nou tou fon, yon yon yon ti kote nou ret domi. Tan nou ladan nou jwenn avek biwo Konsern li mete nou nan pwoje a.*

**Avan tranbleman de te a kisa ou te konn fe?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *M'tap vann lavil.*

## Kisa ou t'ap vann?

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Bagay mayo, bahay bo Twopolino, bahay sa yo.*

**Ou te pedi tout machandiz ou nan tranbleman an?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Non. M'pat pedi machandiz paske komes ki te nan menm nan se pa anpil bagay li te ye. Se nan men'w kenbe'l epa anpil bagay li te ye.*

### **Ok. Eske se touswit apre tranbleman an ou te al rete nan kan an?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Wi. Nan menm jou a kay mwen kraze m'tou ale.*

### **Eskew te kontinye al vann?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Non*

### **Kisa'w te vin ap fe pou viv nan kan an?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Nou teee, le'm nan kan an gen de le m'chita mwen vann bagay, ti bahay pen a mamba ti saret eyo m'venn.*

### **Ou gen timoun?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Wi m'gen on timoun.*

### **Li te avew tout tan sa?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Wi*

### **Ou pat pedi moun nan tranbleman an?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Non m'pa pedi moun.*

### **Se ou ak manman'w pitit ou selman ki gen nan fanmi an?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Fre'm.*

### **Le nou t'ap deplase nou tout deplase ansanm?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Wi. Nou, kay manman'm te tou pre tou pre kan an limenm. Li rete ladan'l nan kan an nou tout t'ap viv men m'ta'p viv menm kote a manman'm.*

### **Manman'w gen te?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Non ,li pa genyen. Li pa genyen.*

### **Ok. Le concern vin retire'w nan kan an yo te edew refe komes ou pavre?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Non mwen menm m'pat nan komes lan non. Mwen menm kob yo te bay lan e nan kou m'tal avel. Yo te di y'ap peye kou, ant kou a komes sa nou vle. Mwen m'te pran yon kou.*

### **Ki kou ou te pran?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Kou mwen te pran e te patisri e kizin ladann.*

### **Ou ladan toujou?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Non li kanpe. Kounya yo te fe nou, peye 4 mwa pou nou nan kou a. Konsern te peye 4 mwa pou nou nan kou a.*

(Plizye moun ap pale an menm tan)

### **Sa w'aprann nan kisaw fe ave'l?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *M'poko itilize'l .*

### **Aktyelman kisa w'ap fe?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Anyen*

## Ou panse itilize sa w'aprann nan?

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *M'poko m'panse a sa. M'poko fe anyen*

**Eske fomasyon sa ou te pran an li itil ou?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Letil? Wi, li itil mwen*

**Ou di li itil ou men'w di nou ou pokò travay sou li?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *M'poko travay sou li men m'gentan aprann anpil bagay.*

## **Men ou pa itilizel pou'w fe kob?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *M'poko fe kob ladan.*

## Ou nan menm kay yo te mete'w la?

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: Wi.

# Kile l'ap bout?

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Nan mwa Fevriye a la, Mas.*

## Eske w'ap double?

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Sa nan men Bondye.*

## Eskew gen kob pou'w fe sa?

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *M'poko.*

(yon chyen ap jape byen fo).

### **Ou di nou ou menm ak manman'w te nan menm tant?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Nan menm ? Non, nou pa't nan menm tant nou nan menm kan. Manman'm te nan bo pa'l m'nan bo pa'm.*

### **Sa vle di manman'w jwenn ed Concern tou?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Non manman'm pat ladan'l.*

### **Poukisa?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Paseke li te gentan ale an pwovens se mwen menm ki te rete limenm li te. Le bahay 12 Janvye a li te ladann apresa li pat ka rete ladan. Frem nan te toujou cho li menm li t'al an pwovens.*

(yon chyen ap jape byen fo kouvri vwa patisipant lan) .

### **Nan ki pwovens li te ale a?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Dekayet.*

### **Ki kote?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Dekayet.*

### **Ou menm ou leve Potoprens?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Wi Potoprens.*

### **Ou pa konn al andeyo?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Wi m'konn al vizite.*

## **Ou pa konn ale pou'w rete?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Non.*

## **Ni ou pa vle ale?**

Piblik: *Riiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiii*

## **Ou pito potoprens?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Hummm, akoz e ladann m'abidue m'jus pito Potoprens lan.*

(Kek moun ki ap pale tou ba)

## **Se potoprens ou fet menm?**

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Ladann m'fet menm wi.*

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme seconde, Concern: *Bon, mwen byen renmen Konsern. E mwen di Konsern anpil mersi paske apre 12 Janvye m'te viv tre mal.*

## **Koman'w t'ap viv avan sa nimewo 5?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme seconde, Concern: *Bon, avan mwen te anfeme on kay, kay la te vin kraze tout bagay mwen te pedi.*

## **Kisa'w te konn fe pou'w viv?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme seconde, Concern: *Sa'm te konn fe? m'tap vann lavil tou. Men nan vann lavil le bagay la vin pase mwen pat konn sa'k rele tranbleman de te. Mwen te gen komes tout bagay sa yo te pedi.*

## **Kisa'w te konn vann?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *M'tap vann kenkay, let, suk, bagay. Tout te pedi paske tout moun te komanse ap vole bagay ou pat we. Le fini'w pa't we komes la jou sa ou t'ap cheche we pitit ou kote'l te ye ou t'ap cheche we fanmi'w. Ou pa t'ap we komes. Epi vreman vre le m'te rive m'te pedi on fi 14 an.*

### **Pitit ou?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Pitit mwen premye pitit fim. Bon, pou mwen menm m'panse se tout ki te mouri jan sa te pase. Men le m'rive se sel fi a m' te pedi. Men apre 12 Janvye e se yon sikatris pou mwen tou ke ki pap janm efase nan lavi'm menm le m'ta ap viv byen. Paske sikatris pa'm nan li du anpil. Paske nan maten se komsi pitit la te konnen'l ta pral mouri. Li ban'm on denye cham pou'm ale m'pa ka ale: 'Manmi vini'm di'w on pawo. Manmi vini'm di'w on pawol'. Le'm vini epa anyen lap di'm. M'panse son bagay manze ap di'm epi son denye pale nou t'ap pale. Epi pandan m'lavil men m'pat konn tranbleman de te m'we bahay la m'te manke mouri tou paske le'm we se nan kay m'ta pral kouri antre. Epi tout kay sa yo kraze lavil. Seulman sa m'konnen m'di, m'di ket m'pedi pitit mwen yo. Epi m'monte m'kite tout komes bagay tout te pedi. Ki kote sa ou te ye? Lavil, pandan'm tap vann.*

### **E ti moun yo kote yo te ye?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Timoun yo Dekayet. E nan anwo a nou te ye nan zon Kafou Fey. Kounya le mwen vini m'we lot timoun yo pa gen anyen, epi'm mande kote pi gran an men e Kafou Fey zon Kafou Fey la te kraze plis. Epi'm santi on douleu. M'santi on tranche mdi: "woy m'pedi Johana" san ke m'potko we li men m'santi m'santi tranche a. M'di bon Johana mouri. Epi nan menm swa a m'pat kapab al nan lekol la. Nan demen maten le m'ale m'pat jwenn ko a tou. A no jou m'pat jwenn ankenn ko. M'pat we anyen. Epi kounya tout moun ap di sa n'ap fe? Se chak apre midi 1è, 2zè pou tout moun ap gentan ranj'on kabann ate nan on lari si'w pa gentan kouri ranje kabann nan ou pa ka jwenn plas. (Yon telefon sone tadada.) Epi apre (telefon nan sonnen anko tadada) nou vin met tet ansanm te gen on te vi, on teren vid. (Vwa yon fi ki ap pale tou ba.) Kounya nou vin pran pwela fe bare. Nou bare pwela nou bahay nou f'on ti bahay nou rete, nou rete. Nou vreman vre nou te fe anpil tan anba pwela, nou pat ,nou pat viv byen. Nou te viv tre mal. Men kom nou*

*pat genyen nou te oblige (Vwa yon fi di reziyen'w.) reziyenw. Paske ou patap viv tankou moun. (Non !) Paske'w t'ap viv tankou bet. Paske imagine'w le lapli tonbe sa te terib anpil. Bon apre tout ee g'on, Konsern vin ede nou.*

### **Sa'w te konn fe pou'w viv avan'w te nan pwogram nan?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *Anvan Konsern te vini, bon pou byen di'w apre 12 Janvye bahay la te on jan difisil anpil. Paske m'te viv tre mal. M'pat kapab. M'te ka fe komes la men m'pat ka gen on kob nan menm pou'm ta jwenn. Moun pou'w ta mande prete li fe difisil sou ou w'oblige w'ap viv pa la gras si on moun di'w men ou pran. Jou'w genyen ou manje. Jou'w pa genyen tou ou rete paske e apre le Konsern vin ap ede nou bagay. M'te konn fe lesiv tou m'te konn lave si moun nan gen rad la m'lave. Li ba'w on monnen li ba'w moso manje pou'w pote bay ptit ou. Men apre le Konsern vin ede nou anfeme kay la pou nou vreman jan madam nan di a, li vin ba nou on, on kob. Li vin ba nou 2000 dola ayisyen pou nou te fon komes pou nou te, pou nou te bwase.*

### **Epi'w te vin sot nan kan an?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *wi m'te gentan sot nan kan mwen te afeme kay.....*

### **Ou nan kay sa toujou? Li pokò bout?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *Non kay la ap bout an fe-an fevriye (Nan mwa sa?) nan mwa sa.*

### **Eske w'ap ka double'l?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *Non.*

### **Kisa'w konte fe?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *Bon, m'pa konnen. M'te byen gwo kay la'k pral bout la m'ap domine. Paske peye a gentan fem, sa yo te peye a fem.*

(Long silans)

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *Paske yo te deja di depi yo fin peye sa pou nou li pap ka redouble anko. Esa yo te di, yo te gentan di nou sa.*

### **Ou gen kob Concern nan men'w la toujou?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *Bon, m'te konn ale degaje'm avek ti kob la, m'pa ka bay manti timoun yo anpil. Kob la te piti tou ou. Konprann? Kob la te piti le fini timoun yo yo te konn ap plede voye yo tounen pou lekol.*

### **Yo pat lekol avan sa?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Wi, yo te nan lekol. Non, yo pat m'pat konn al. Yo te kanpe. M'te te kanpe. M'pat gen kob pou lekol. Men pandan'm tap fe komes la m'vein retounen rekomanse ap peye. Peye, peye, peye, bon kob la vin pase nan menm.*

### **Konbyen timoun ou genyen?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *4.*

### **Ou pa gen mari?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Mesye a pap travay.*

(Kout silans)

### **Li gen metye?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Non.*

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *M'rete nan 623 a....#60, avan 12 Janvye a m'te konn al vann Malpas kounya le 12 janvye vin pase m'gon sel, m'gen 2 timoun. M'gon tifi on ti gason le 12 Janvye vin pase m'gen gran*

*se'm nan li we jan bagay la ye kote'm t'ap viv la li pran tou le 2 timoun yo nan menm. Kounya le Concern vin banm kob pou'm peye kay la m'repran 2 timoun yo. M'peye kay la nomal m'te ret denye res kob la nan menm la m'al vann. Bon...kote m'ap vann nan.....*

### **Ki komes ou te konn fe?**

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Malpas m'te konn ale.*

### **Non, apre 12 janvye wi?**

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *M'pa fe anyen. Le Concern te ban'm kob komes la men e malpas m'ap vann.*

### **Se ou ki te bay se'w la timoun yo epi ou menm anko al cheche yo?**

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Non. Yo te nan menm. Se le tranbleman te a fin pase se'm nan we ki eta m'ap viv kote'm ye a li pat renmen'l. Kounya li te pran 2 timoun yo nan menm kounya apre.*

### **Ou te al jwenn se'w la tou?**

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Non. M'te rete nan kan. Timoun yo te nan men se'm nan.*

### **Ou te rete nan kan an pouko'w oubyen ou te gen moun ave'w?**

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Sel mwen menm ki te rete. Chak vandredi yo te konn vin we'm men dimanch yale paske yo te.....*

### **Ou menm ou te konn al vann?**

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Wi.*

### **Le sa ou te toujou konn al Malpas?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Non, ele Konsern banm kob la m'vann Malpas.*

### **Ok, e apresa?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *M'te toujou al vann wi. E pandan'm brile avanye la bon msh* (Vwa on fi ki di: "kijan'w te fe brile la?) *On gaz wi, on moto. Kote'm chita m'ap vann nan mesye gaz la sot sot achte g'on lot mesye menm ki pa konnen kounya ki limen on sigaret. kounya la li met dife sou mwen. Tout la'm boule. Efo m'fe m'vein la* (Gras Bondye wi.) *Deyo bouch mwen brile anndan bouch mwen pa brile m'pa...menm* (Di Bondye mesi, di Bondye mesi ou gen souf li a nan ou) *Esak fe'm brile. M'vein pedi kob la. M'patap ka vini. Pandan m'ap pale la m'pa santi lestomak mwen bon menm paske gaz la genle filte* (Anndanw ?) *anndan'm.* (Priye, menm Bondye te soulaje'w la. Lou'ap toujou la l'ap fe'w gras kan mem).

(Kout silans)

### **Kile sa te pase?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Gaz lan? Avanye la'l pase* (plizye moun ap pale an menm) *Vandredi a fe 8 jou* (Vandredi a li boule.) *Non vandredi ye a fe 8 jou.* (Menm fi a di: kounya tout komes la yo boule tou?), *Tout net brile.* (Menm fi a di: "Manman) *Si epa lanmou bondye m'pedi net wi hmmm.*

(Kout silans)

(Mimewo 4 Ap montre foto brili yo: *Sa ele'm te brile a.*)

(Yon fi di: *Wouch!*)

(Yon lot patisipant plenn: *Hmmm Jezuuu!*)

(Plizye moun ap pale an menm tan.)

### **Ou vreman gen chans wi paske li gentan ap geri.**

(Plizye moun kontinye pale an menm tan.)

(Yon fi di: *Li gen bon ko tou.*)

### **Wi, ou gen bon ko paske yo gentan ap bon.**

(Vwa moun ki ap pale epi ki ap plenn hmmmmmm.)

### **Le Konsern te vin retire'w nan kan an ou te pou kont ou?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Non. Mwen di'w timoun yo te nan men se'm nan .*

### **Kisaw fe le Konsern vin anfeme kay pou ou?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Kounya M'retounen pran yo.*

### **Ahhh ! Ok. Ou repran timoun yo met ave'w?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Wi. M'te mete yo lekol tou pre'm.*

(Vwa yon fi ki reponn telefon yon jan lwen: “*Alo*”).

### **Donk, kounya yo ave'w?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Wi.*

### **Kounya sa pemet ke ou menm ak timoun yo ap viv mye?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Wi.*

### **Ou ka kontinye peye kay ou?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Bon, m'pa ka di'w. M'pa gen espwa la m'pral di m'pral peye kay. M'te nan on sol, sol la oblige kanpe m'pa ka peyel. M'te nan sol bo lakay mwen.*

### **Kile mwa kay ou an ap bout?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Hen?*

### **Mwa kay ou an kile l'ap bout?**

#4 Santa Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *L'ap fini Avril.*

(Vwa yon fi ki di : *Jezi ohhh !*)

**Eske ou te jwen avantaj pandan ou nan kan an ? Ok. Le nou pale de avantaj, n'ap pale de lot avantaj anplis di fet ke nou pap peye kay.**

Piblik: *Non. Li pat avantaj jann t'ap viv.*

*Patisipan pa idantifye: M'pat peye kay la men se pa pou otan m'tap viv byen. Depi lapli m'pa ka domi se reziye. Te gen on sot de reziyen men'l pat avantaj.*

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Mwen enmm, li pat avantaj pou mwen ditou. Paske se bo on rigol m'te ye avek 3 tifi.*

(Plizye moun kontinye pale ansanm)

*Patisipant pa idantifye: Yo konn antre yo vyole moun, si'w gen on bon bagay yo vole'l. Ou pat gen ankenn avantaj.*

**Ok.**

#3 Senat Yolene, Fi, 44 ane, 2 timoun, enfimye, Sekonde, Concern: *M'pral di'w ou we mwen se Bondye ki, se Bondye ki voye'm tounen. Pandan'm nan kan an yo te ban nou pwazon.* (Vwa yo fi k'ap pale an menm tan ki di: "Yo te ban nou pwazon wi. Mwen menm yo poudre'm net") *Pandan'n mete on manje, nou mete on manje on sospwa bouyi epa pou li non yo met pwazon an. 5 moun, yo kouri ave nou. Bon yo te konnen nou patap viv. M'pat konn moun menm pwazon, ap vomi eeee, se kouri San Fwontye kouri vin pran 5 moun nan kan an.*

### **Kiyes ki te fe sa?**

#3 Senat Yolene, Fi, 44 ane, 2 timoun, enfimye, Sekonde, Concern: *Nan moman an nou pat konn kiyes. Nan moman an si'm te la m'tap viktim. E paske m'pat la m'pa victim.*

*Ou we mwen menm m'telman frape nan tranbleman de te a, M'gen 2 papa ptit tou 2 mouri. Hannn ! Ou we'm se moun ki frape. Sa vle di se bondye'k voye'm tounen. Epi nan moman yo vin ap ranpli fom fe tout aktivite sa yo (yon fi di : Li pat la) m'pat la m'tou pedu m'pa soti. Kounya se se'm nan'k banm kote pou'm fe 2 jou. M'ap viv m'laguer a timoun yo e m'pa gen manman m'pa gen papa. Ou we janm te viktim? Le tout moun ap rele'm nan telefon yo di'm vini yo dim yo pap ka fe anyen pou mwen m'pat la. Sa'm fe m'reziye mwen. Jis kounya m'ap viv men se bondye'k fe m'ap viv. M'pedi tou 2 papa timoun mwen yo nan tranbleman de te a.*

### **Ki aktivite ou te konn fe avan tranbleman an?**

#3 Senat Yolene, Fi, 44 ane, 2 timoun, enfimye, Sekonde, Concern: *Avan 12 janvye a ete lavil m'te konn ap vann ti mayo bahay. M'te konn ap ponmen ti bahay sou bra fe ti aktivite. Le tranbleman de te a e bondye k'achte'm. Bahay sa pran'm deyo le'm tounen m'jwenn kay la kraze net men chans pou'm, sa'k fe timoun yo pa viktim m'gon seu'm ki ret tou pre'm li kite, li ta pral soti epi timoun yo m'voye yo al lekol apremidi esa'k fe. Epi a tout sa le yo vin mennen youn ban mwen li frape nan lekol la. Lekol la t'ap balanse epi'l gon boul leve nan tet li. (Kout silans) Moun ki t'ap viv nan kan an bon yo t'ap, moun nan te gen pwoblem se sitiyasyon'k mennen'l la. (S'on sikonsans.Pat gen avantaj). Si w"ap gade si'w we moun nan mete manje'l on lot vini li met on bagay ki pou kondane moun nan moun nan patap viv. Ou konnen ou nan on sitiyasyon ki tre du ou pa an mezu. Le tranbleman de te a vin pase li paralize tout moun net. Ou te oblige ap viv men se pa viv ou t'ap viv vre. Le lapli se konsa moun kanpe a paket yo nan men yo toutan lapli a pa pase ou pap ka domi. Ou viv gen de bet ki ka antre sou ou. Sa nou sibi nan kan sa epi tout moun kanpe epi w'ap voye je. Ou tande men kadejak. Ou tande souflet se blowwww. Tout moun oblige. Yo chire pwela moun nan konn soti le'l vini yo pran afe'l, yo pran, le'l gade'l we pwela'l gon gwo tou. Yo kase kay moun. Moun nan pap janm byen viv vre.*

*Yon lot moun pran la pawol:" Wi. Le a Konsern monte man'm te vin lakay la. (Epat Konsern APED) APED monte man'anm te vin lakay la li pote savon, klor pou moun yo lave men yo. Menmke'l pa jwenn moun yo li lage yo pa anndan moun nan menm saw konnenl fe? Li demonte fenet kot man'anm nan lantre anndan li pran bagay yo.*

#3 Senat Yolene, Fi, 44 ane, 2 timoun, enfimye, Sekonde, Concern: *Hm-hm ! Yo vini ak zam le sa w'oblige, moun nan fimen. Paske'w pap janm viv vre w'oblige. (Yon vi bet. Pat*

gen avantaj). Ou pa an mezu ou pa konn kote'w pral domi w'oblige aksepte'l jan'l ye a. Esa'k fe menm le'm pa patisipe on fre'm on se'm ki patisipe m'felicite Konsern kan menm.(Anpil !) Se te on tre beljes.

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Konsern son organizasyon m'ap priye chak jou pou bondye pwoteje yo. Soufle sou lavi yo pou Bondye ka fe yo pi long sitou ajan nou te genyen yo tou. (Wi !) Ajan yo te eseye konprann nou anpil.* (Tre saj, respekte moun.)

### **Kisa Konsern pat fe nou t'ap swete ke yo fe?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Bon, nou pa konnen yo te di nou pa gen anyen anko. Nou pa ka bay opinion.*

### **Ok, si se nou menm ki t'ap fe plan an nou pa t'ap fe yon bagay ki diferan?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Bon sa nou t'ap fe ki diferan, sa nou ta mande, sa pou'n ta mande kom yo te komanse ave nou pou yo ta kapab (Kek moun ri) fe nou gras anko. Banm on bras pou'm ta kontinye peye kay la. Li t'ap bon pou nou. Pase pandan m'ap pale a la le'w we kay la pral bout la ou gentan gen pwoblem. Kote'w pral domi ou. konprann? Le kay la bout la ou toujou ap gen on, on pwoblem nan tet ou. Si yo menm yo te ka fe bagay la on jan mieu yo te ka fe pou nou nou t'ap toujou kontan.*

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Mwen enm sa'm ta renmen yo ede'm kom lajan Konsern te ban mwen an m'fel travay jiskaske manfeme ti kote m'ye a. E bare m'barel, m'monte kek de gress blok men e apre lap kouvri. Si yo te ka ede'm ladan li tap pou mwen net. (Riiiiiiiiiiiiii) M'tap kontan.*

(Long silans)

**Ok. Nou konsyan ke kob Concern depanse pou li ede nou apre tranbleman an se anpil kob li te ye. Si se nan men nou kob sa te ye pou nou ede moun anba tant yo eske sa Concern fe avek kob sa a se li nou panse nou t'ap fe?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Bon, kom ou di chak moun ka bay opinion pa yo. Sa'k fe gen de kesyon nou pap ka reponn pase si, si lajan pa yo an se kay la li ka anfeme yo anfeme kay la yo ba ou.*

### **De ki yo w'ap pale?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non. Si Konsern tankou lanjan'l te bay 4000 dola a se kay la'l te ka anferme li pat ka fe plus nou pat ka di pou yo te fe plus. Men si ke yo te ka we on lot bagay, yo te we on lot bagay yo te ka fe pou nou li t'ap pi bon. Paske le'w g'on kote pou'w domi an li plus, li pi bon paske ou pap panse avek 1 an. Ou pap panse avek 6 mwa. Men m'panse Konsern pap ka fe tout tan'l net pou'l ap ede'w.*

### **Bon, gen moun ki pa lwe kay non. Gen moun yo bay kay**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Gen moun yo bay kay?*

### **Wi. Epa Konsern men gen lot kote ki bay kay.**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Nou pa konnen sa. Sou kisa yo baw kay sa yo?*

Piblik: *Kanapeve, Mon Laza, Mon Kabrit.*

Patisipant pa idantifye: *Moun kafou yo, se kay yo ba yo. Kay yo fe pou yo.*

### **Eske le Concern te fek komanse ede nou nou pat gen nan tet nou ke yo ka fe nou kado kay?**

Piblik: *Wi. Plizye moun tap fe panse a. Tout moun se sa yo te panse. Nou te gentan panse a men epa sak te rive fet.*

### **Men nou pat dekoraje le nou we yo pa fe nou kado kay?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Non, mw'en pa dekoraje. M'pa dekoraje paske kan menm li itil nou. M'pa ka dekoraje.*

**Ou se youn nan ra moun ki rive rete nan kay yo ede yo lwe yo. Pi fo moun yo kite kay yo paske kay la two che yo pa ka kontinye peye.**

(Plizye moun ap pale an menm tan pandan kek segond).

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Kay anwo pa che. E nan zon sa tout moun jwenn on kay pou 4000 dola pou 1 an. Lot kote tankou nan zon anba 2 pyes kay y'ap di'w 20.000 dola wi.*

### **Konbyen?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *20.000 dola. Anba lot kote nan zon...m'mache, m'mache, m'mache, m'pa janm jwenn kay. Tankou nan zon Foucha yo anba ou pap jwenn kay ba pri sa yo. Nou menm kote nou ye a nou anle. Ou konprann? Li minim, men anba non.*

### **Li pi che?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Li pi che. Ou pap jwenn kay sou fom sa yo.*

Piblik: *Isit w'ap achte 3 bokit dlo pou 25 goud. Wi. 2 pou 25 goud. 2 bokit dlo w'ap peye 25 goud. Li menm 3 dola, 3 dola.*

Piblik: *Riiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiiii*

Patisipant pa idantifye: *Bo lakay mwen menm1 goud bokit dlo.*

### **Nan ki zon ou rete?**

Patisipant pa idantifye: *Kwadepre*

### **Anle ou peyel 25 goud ?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Anle, wi, 2 bokit dlo pou 25 goud.*

Piblik: Bon pou jodi a la pa gen dlo menm. Bahay sa pa gen dlo la menm. Menm gran ravin pa gen dlo la menm.

(Plizye moun kontinye ap pale an menm tan)

Patisipant pa idantifye: *Sa se leta ki reskonsab bahay sa. Son sot de komminezon'l ye pase moun sa yo....(A DINEPA, a DINEPA yo vann li.)*

(Rii)

**Eske le nou te nan kan an nou te toujou reve kite kan an?**

Patisipant pa idantifye: *Yo patap leve nou?* (E lannwit wi yo te vini.) *Lannwit yo vini wi.* (Nan deze di maten yo vin deplase'n nan kan an kote nou te ye a.) *Esa'k fe gen anpil moun ki pat patisipe.* (Wi.) *Tout moun ki te gentan fe, gen moun ki te fe tant yo pa ret ladan'l.* *Gen moun ki fe tant ki konn gen moun.*

**Eske'w te konn moun ki fe tant men ki pa rete ladan?**

Patisipant pa idantifye: *Nou pa konn moun nan men gen tant ki te gen moun se pou la fom yo fe'l pou la fom. Men jan yo vin fe bagay la yo pat konn si se konsa'l t'ap ye.* (Moun ki gen tou nan manch yo.)

#3 Senat Yolene, Fi, 44 ane, 2 timoun, enfimye, Sekonde, Concern: *Non, fo'w pa di 100%. Gen moun ki ka sipote mizè gen moun ki pa ka sipote.* (Ebyen wi.) *Ou we pou tranbleman an fo'w gen fyel wi.* (Tande) *Nou pran lapli pa gen moun, sa vle di mwen menm mwen ka gen ke m'rete.* Men si moun nan pa ka sipote'l li fin bati kay la li we nan sitiyasyon sa'l ye li, epi depi moun nan tande kadejak tet moun nan cho. Tout moun leve pa ka domi. Mwen menm timoun mwen yo pran lafyev. Kounya m'di oh shit gad sitiyasyon m'ye. Y'ap mouye apre pou'm ap seche kote'm kouche a pou'm redomi anko. Ou we epa tout moun k'ap sipote sa?

Patisipan pa idantifye: *Ebyen wi, pandan w'ap di sa, gen moun ki fe 4an wi. Gen moun ki fe 3 zan wi* (5an m'fe) *men ki vin arrive soti. Le Konsern vin vini kounya tant lan rete. Le'l paret li pa jwenn moun, mezanmi li mete ko'l. Moun nan gentan retire ko'l* (E gen moun m'konnen'k soti se la desant y'al fe kay moun). Bon, *gen moun m'te konnen'k te soti se Lamontay y'al domi paske yo pat vle rete nan kan. Sitou si'w pa gen on*

*kabann ou pap ka domi menm. Paske le lapli a fin tonb ate a gon dlo ou pap ka kouche ladan. Gen moun ki pap rete gen moun ki fe 3 zan, 4 an ki pap rete.*

### **Men eske gen moun ki jis fe tant pou yo ka patisipe nan ed yo ap bay yo?**

Patisipant pa idantifye: Non. *Poko gen moun menm ki fe tant lan gen moun nan ki fe tant lan li pa bagay li. Li mete'l la an konprenan sou la fom. Tankou'l gen dwa g'on mennaj li gendwa pa vle al lakay paran'l li vini nan mitan moun yo fe tant. Men'l pa gen moun nan tant lan.* (Men moun sa odebi moun nan pat abite nan tant lan.) *Depi yo konnen gon bagay k'ap vin bay premye moun ou gentan we se yo.*

#2 Cathia Roger, Fi, 30 ane, 1 timoun, enfomatik, Rheto, Concern: *Mwen menm m'domi nan lari apre 12 Janvye avek ti fi'm nan. Nan aswe moun yo ap pase manchet, kivet y'ap ranmase moun. Moun ki mouri yo yo pa ranmase yo non. Yo bezwen ptit moun pou yo rache pou y'al fe vyann. Mwen menm m'pa janm, m'te fin antre nan mitan yo m'santi'm pa ka jwenn on kay pou'm anfeme m'fe 3 jou nan mitan yo. M'santi'm pa kapab m'tounen anndan lakay mwen. Man'm di w'ap mouri anndan. Man'm rete anle a mwen enm m'rete anndan kay mwen. Menm ke apre konbyen jou'l pase konsa man'm di* (Patisipant la ap ri pandan li ap pale pawol la pa soti kle) *m'pa konn bagay sa yo.*

(Kout silans)

### **Eske nou te anvi kite kan nou te ye a pou nou ale nan yon lot kan ki gen plis benefis?**

(Patisipant yo ap reponn ansanm)

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *Banm di'w. Gen de bagay ou paka fe. Si'm rete Dekayet sa'm konn de Channmas? Pou'm pran ptit mwen pou'm al Channmas? M'pap janm ka fe'l. Reyalite ban'm di'w padan'm rete Dekayet mwen ka gen yon fanmi mwen di ban'm kite timoun yo la m'ap vini m'pral fon lesiv le'm vini m'a pran yo. Eske m'ka fe sa Channmas? (Ditou) Mwen pa rekonet moun yo. Le w'al viv on kote ou konn moun nan avek le w'al viv on kote ou pa konn moun nan epa menm bagay.*

**Sa vle di le Concern te di y'ap edew lwe kay se ou kite cheche kay nan zone ou vle?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun, komes, 3eme sekonde, Concern: *Wi. M'cheche kay mwen kote'm konn moun paske m'pa ka deplase, paske m'konn pral soti la si'm pral fon bagay m'kite timoun yo. M'di madanm sa voye zye pou mwen map vini. Ou konprann? Men si'm pa konn moun nan m'pa ka di'l voye zye pou mwen. Epitou ou pa ka pran timoun nan tou ou lague'l tankou on kabrit ,wannik pati'w kite'l, li pap bon. Ou pa ka al abite nenpot kote pou'w sot la w'al nenpot kote.*

**Nou pa jwenn lot ed pandan nou nan kan an apre pa Concern nan, tankou ed pou timoun yo?**

2 Patisipant di: *Non !*

#8 Manita Jena, Fi, 57 ane, 3 timoun, anyen, oken, Concern: *Mwen menm le'm te nan kan Fòmekredi, se Konsern, epa Konsern non e NISSE, NISSE ki te konn bann klowoks. Li ban nou savon pou nou lave. Apresa se ACTED ki te ban nou on aparey pou nou trete dlo pou nou bwe. (Apresa, ee le'm te nan kan tou Sapotiy, se USAID ki te ban nou ee bagay konsev. Nou pa't genyen pou nou te sevi. Paske tout bagay nou yo te fin kraze.)*

**Kisa yo te ban nou?**

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Ee bahay konsev li te ban nou. Chodye, bahay sa yo. Bokit yo te ban nou.*

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *La Croix Rouge ki te vin ban nou on ti kes likid. Li te ban nou moustike. Li te ban nou bwat ki te gen bonm, Kwa Wouj wi.*

**Eske pat gen lot organizasyon anko ki te ban nou bagay?**

#4 Sainta Demostherne, Fi, 38 ane; 2 timoun, komes. Prime, Concern: *Non, sel La Croix Rouge.*

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *M'te jwenn li tou. Wi, La Croix Rouge ki te ban nou'l. Yo te ba nou on bwat ki te gen bonm, gode, asyet, (kiye) kiye. Li te ba nou moustike, domi dous, yo te ban nou.*

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Avek GOL Ki te vini tou li te pote bwa pou nou te ka fin ranje tant kote nou te ye a pou nou te ka rete.*

Piblik: *M'pat patisipe nan bagay sa. Epa tout moun kite jwenn bagay sa yo. Yo te bay men epa nou tout ki te jwenn chans jwenn.*

### **Pat gen Organizasyon ki te vin ban nou manje?**

Piblik: *Non !*

### **Nou pa janm jwenn kit manje ditou?**

Piblik: *Non*

Patisipant pa idantifye: *Nou konn tande yo te bay manje. Yo konn ap bay manje Kanapeve, bagay.*

Patisipant pa idantifye: *Yo te bay Senmichel le. Nou te kouri ale nou pa jwenn. Yo te bay bwat ki te gen manje men nou pat gentan jwenn. (M'pat jwenn manje).*

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Ki manje shshmm ? Bahay (Bonbon ak spageti tou prepare.)*

Patisipant pa idantifye: *Gen de kote yo te bay manje wi nou pat jwenn.*

Patisipant pa idantifye: *Gen moun ki anle a moun ki an tet yo yo bay kat bay. Pou moun ki an tet yo al pran yo bay moun pou yo bay la pase. (Yo pat bay) Ou menm ki nan tant lan w'ap domi nan tant lan yo pa konn afe'w. (M'pa jwenn anyen mwen menm.)*

(Kout silans)

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, envite: *M'patap ka rete. Esa'k fe' menm ke kay la'k te kraze a m* (Patisipant lan ap ri pandan l'ap pale, pawol yo

pa soti kle). (Si'w pat gen kay ou t'ap rete. Paskew gen kay ki fe'w pa rete) *M'pa kapab. Epa kay m'genyen, enfeme menfeme. M'enfeme menjan ak ou. Ou we kay anba kote'm ye a, m'gen 7 an m'pral gen 8 an ladan, al gade pou'w we w'ap we li fisire. Etan nan poto a, e la tet kabann mwén ye. Ou we'm di toutotan toutotan'y pa kase tet la m'a mete'l kanpe. M'vire do'm m'al chach'on lot kay pou'm al tonbe nenpot ki kote m'pito ret ? Ke'm ret kote'm ye a.* (Epa manti non.) *Pase men on moun anfem'on kay la, bon sa'k fe'm ret ladan paske'l pa gen anyen s'il te g'on bahay le konsa'm soti lontan. Esa'k fe'w we le'w gen timoun ou pa ka ap mache. Men g'on moun bo kote'm nan la l'anfeme on kay nan men on moun podyab li gen 1 an bout li pa ka peye'l, epa bagay pou'w ta ap di non mesye a manje 2 pitit li. Nou pa tande'l nan radio? (Non) Li manje 2 pitit pou li youn 20 an, yon pitit 22 zan. (3zyem nan kouche!) 3zyem nan kouche. Li preske mouri. Nou pa konn tande bahay sa sou Karayib? (Kile bahay sa fet?) Samdi an, hein hein !*

### **Koman bagay la pase?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, envite: *Li enfeme kay la nan men moun nan li pa't kapab, li vin, kay la vin bout swa 6 mwa, 1 an. Li vin pa ka double men'l toujou ret nan kay la. Men'w konnen moun nan ap mande'l kay l. Moun nan ap di'l degaje'w pou'w banm kay la bahay. Bon bahay sa m'tande a, mwen m'met al domi nan lari depi'm enfeme kay nan men on moun li bout m'baw kay ou.* (Ri) *Kounya kay la vin bout, ou konn ti mesye yo se 2 gwo neg,youn segond, youn filo. Kounya la le'l vini'l jwenn li ap jour a manman an, ti mesye yo di manman pran pasyans pran kouraj lite ave nou on le w'ap enfeme moun kay. Kounya mesye a gentle di manman an l'ap frape'l kounya mesye yo di non nou gwo gason ou pa'p ka ba manman nou kou. Si'w ba manman nou kou n'ap remet ou'l. Kounya'l di mesye yo ok e gwo neg nou ye bahay. Kounya la li di ok. Hm! li manje tou le 2. Epa bagay twop moun pa konnen non. (Yo bay li sou lezond.) Wi Karayib. Enan Karayib yo ranmase kob wi (Mesye sa yo pa arete'l?) Enan Karayib yo ranmase kob yo fe anteman timoun yo. Ejete yo ta pral jete yo. Manman an pa gen on goud nan men'l. (Yo pa arete mesye sa nan ka sa?) Anbyen leta limenm se le'w tire on moun wi'w tiye'l. Ou konprann? (Yo pa konn afe fetich la.) Yo pa konn afe fetich. Manman an g'on lot ti pitit, 3zyem nan fin mouri nan men'l. Manman an anko malad sa vle di li vann pi fo kay la. (L'ap peye sa. L'ap peye sa.) Bagay la pase tout bo lari bloke wi. Tout moun k'ap pase si'w pa kriye'w pa moun non. (hmmmm!) W'ap gade 2, 2 bel ti gason sa yo youn 20 an youn 22 zan, 2 sekey sot anndan on sel kay hm!* (Gen kek bahay gentle se... m'pa ka konprann) Ahh,

*non lezom! (Epi djab la pran peyi a tou, apre 12 Janvye m'te di lezom pap janm fe mal anko pou sa'm te we fre'm se'm tap rele anba blok.) Oh oh, nou pi mal. (M'te di nou pap janm fe anyen'k mal non.) Nou vin pi mechan (Hmm!). Tout ye Lendi a yo t'ap bay bahay sa sou Karayib (M'pa tandé sa non mwen. Se Jezi'k ka chanje nou wi. Sel Jezi pa gen anyen anko). Paske ke ee moun sa yo, e Bob C. ki t'ap ranmase kob ke yo rele, moun rele. Chak moun bay moso kob yo fe anteman. Yo fe anteman ti mesye yo. Bon sa'k pi mal la, moun nan, papa a g'on vye moto (riiiiiiiiiii) papa a g'on vye moto li konn defann ni pandan timoun yo mouri a yo fe konminezon yo pran moto a nan men'l. (riiiiiiiiiii) Sa vle di epou'l jete yo. Yo fin tiye yo fo'l jete yo.*

(Silans )

**M'pa konnen si gen yon bagay ke ekip nou an pa pale de li la men ke nou menm nou ta renmen pataje pou Concern ka konnen sa. Si gen yon chanjman ki pou ta pote pou yo ka fe sa?**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Bon, sa selman m'te ka di kom ou di'm di* (plizye moun ri), (**ou met di**) *Nou toujou disponib si Konsern we kom li komanse si'l te ka fe on lot bahay pou nou. Oubyen sa'l ta vle a nou ap tann li. Nou pa konnen non paske'l te deja di nou ke li fini avek (Pwogram) pwogram nan. Ou konprann? Men si li menm li ta we ta gen on ke touch anko (riiiiiiiii) li t'ap bon pou mwen.*

**Nomalman nou menm ki la a, nou tandé nou, anrejistre nou epi n'ap rapote sa nou di a Concern pou nou ede yo konprann pi byen koman pwogram nan te dewoule. Koman nou te konprann li e ki chanjman yo ka pote pou yo fe pi byen pwochen fwa a.**

#5 Natacha Rober, Fi, 38, 4 timoun,komes, 3eme sekonde, Concern: *Paske le m'ap gade eee peyi Ayiti pou nou menm malerez li vin pi mal. Paske gen nan nou la anvan pou nou ta achte on ti mamit pwa nwa pou 15 dola m'pa kache di'w li difisil. Paske kounya bahay la vin pi mal pou nou. (Pi mal ke anvan tranbleman de te?) Ohh, bagay yo vin pi che. Bagay yo vin pi che. Bon le'w leve pou'w ta we, bon ou konn gen 20 dola nan men'w ou ka di konsa ke, bon ban'm achte on ti demi mamit pwa bagay. Bon, kounya la si'w gen, ou leve a 100 goud wa 4 timoun nan men'w w'al achte on mamit pwa pou 15 dola ladann. (Kot kob chabon an ? Kot kob diri a? Riiiii) M'pa konn si gen*

*moun ki domine tankou'm. Le w'ap gad peyi sa jan w'ap viv la la pa gen kote pou malerez viv.*

Patisipant pa idantifye: *Mwen enm m'ap di'w sa senserman, le'm te nan kan an m'te chech net wi. Gras a Konsern ki retire'm nan kan an. (Riiii) M'te toujou pe m'ap domi anba pwela a. M'toujou pe. Sa'k fe sa poutet bet youn le fini m'tande gen kan y'ap met dife. M'pa janm domi vre.*

### **Anh, yo konn met dife nan kan?**

Patisipant pa idantifye: *Wi gen anpil kan'k te brile. M'ap tande gen moun ki brile ak tout timoun.* (Hm-mh)

### **Se te yon mwayen de presyon pou moun yo kite kan an?**

Patisipant pa idantifye: *Wi pou moun soti sa te vin banm perez.*

### **Nou menm nou pat viv bagay sa yo nan kan nou an?**

Patisipant pa idantifye: *Non !*

Patisipant pa idantifye: *Anle kot manman'm te ye a te gen presyon wi pou yo ka bay teren an pou yo jwe boul. Men men men yo pa't konn fe on seri de bagay.*

Patisipant pa identifye: *Bon se kan sa ki pa't bay leta pwoblem wi. (Wi) Se ti kan sa.....apresa lot kote yo se anpil dezod (Sa leta te fe pou ou? Bon, sa le ta te fe pou ou ? Leta pat fe anyen pou ou non. Bon si se pat Konsern ki te vin sou ou la, pou jis kounya ou epa nan kan ou t'ap domi?)*

Patisipant pa idantifye: *Bondye konn fe gras ou we le (Yon chen ap jape) pandan'm sot nan kan an (yon chen ap jape byen fo kouvrí pawol patisipant lan) ou telman pe ou pe pou lougawou .*

#1 Viota Felicin, Fi, 43 ane, 3 timoun, komes, 4eme ane, Concern: *Mwen enm denye sa m'ap di (chyen an ap jape toujou) m'ap toujou di Konsern mesi. Le'l te prezante avek fomasyon yo, e denye bagay li te prezante a se afe de metye a. M'pat pran metye a, metye a ete pou la vi li t'ap itil ou, pou la vi. Men m'pat pran'l se te komes lan m'te*

*chwazi men m'pa regret. Malgre m'pat pran metye a m'pa regret komes lan m'te chwazi a paske li fe'm rive lwen. Timoun yo m'pat ka fin peye lekol yo koz de komes lan m'peye lekol yo. Aktyelman la premye tifi'm nan li nan filo li fe'm gras anpil. Konsern fe'm gras anpil. M'peye kou nan lajan sa e komes mwen toujou la, plis ti anplasman an manfeme a m'fe bare a sou li a m'pa nan peye kay anko . E ladan'l mwen ye. Mwen di'l mesi anpil anpil.*

### **Mesi a ou menm tou ?**

Patisipant pa idantifye: *Bon, mwen enm tou mwen remesye Konsern anpil tou. Paske gras a Konsern tou ki fe timoun mwen yo al lekol epi'm viv on lot fason tou. Mwen remesye tout moun yo paske nou patap konn Konsern si pat gen moun ki t'ap cheche ki te (Organizasyon yo) organizasyon yo. Nan on sans nou di yo tout, nou remesye yo tout. N'ap di nou mesi tou. M'voy'on gwo kout chapo pou tout.*

### **Ok. Nou remesye nou tou a lapwochen**

FEN